



Pou Piblikasyon Imedya: 30/08/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE RETRÈ DÈNYE BARYÈ PEYAJ FINAL LA SOU OTOWOUT ETA NEW YORK LA, YON ETAP ENPÒTAN NAN KONVÈSYON LI POU L VIN YON SISTÈM PEYAJ SAN PEMAN AK LAJAN LIKID

Videyo Ekskavatris an Aksyon [Isi](#) ak [Isi](#)

An total, yo retire 52 pòs peyaj ak 230 pòs peyaj endividyèl yo pou kreye vitès sou otowout la, yon veritab peyaj lib sou wou lat

Pwojè konsepsyon-konstriksyon peyaj san peman ak lajan likid ki vo \$355 milyon dola pwograme pou yo reyalize nan fen mwa oktòb, si kondisyon meteyolojik yo pèmèt s.

Gouvènè Kathy Hochul anonse jodi a retrè dènye pòs peyaj sou Otowout nan Eta New York la, yon evènman enpòtan e siyifikatif nan Pwojè Konsepsyon-Konstriksyon Peyaj pa viman \$355 Milyon an. Lendi, Cashless Tolling Constructors, LLC te kòmanse retire dènye pòs peyaj ki te kanpe nan Exit 60 (Westfield), dènye nan 52 pòs peyaj yo, ki gen ladan 230 pòs peyaj endividyèl, yo te retire depi lè peyaj san peman ak lajan likid la vin an sèvis an novanm 2020.

"Peyaj san peman ak lajan likid pa sèlman ede amelyore sekirite ak sikilasyon wout nan eta nou an, men se yon eleman esansyèl pou ede ranfòse ekonomi New York la, nan nivo rejyonal ak nan nivo etatik," **Gouvènè Hochul te delare.** "Antanke moun ki te pase plizyè èdtan ilimite nan pakouri nan chak kote sou otowout la, mwen kapab temwanyen jan etap enpòtan sa a transfòme pou santèn milye chofè ki itilize wout sa a chak jou epi mwen remèsye santèn milye moun ki kontinye travay lajounen kou lannwit pou amelyore sistèm transpò New York la chak jou."

Reyaliman sòti ak rekonstriksyon wout la kontinye nan chanjman sistèm Otowout la epi pwograme pou l reyalize nan fen mwa oktòb, si kondisyon meteyolojik yo pèmèt sa.

Direktè Egzekitif Otorite Thruway a, Matthew J. Driscoll te deklare: "Mete an aplikasyon peyaj san peman ak lajan likid la se youn nan gwo ak pi enpòtan pwojè nan anviwon 70 lane listwa Otorite Thruway Eta New York. Pandan de (2) dènye ane yo e plis ankò, yon santèn fanm ak gason te dedye milye èdtan nan pwojè transfòmatif sa a ki amelyore de fason konsiderab lavni yon deseni transpò k ap vini yo."

Tranzisyon pou peyaj san peman ak lajan likid la sou sistèm Otowout la te kòmanse an 2016 sou Pon Tappan Zee an, kounye a ki se Pon Gouvènè Mario M. Cuomo, swivi de rès la [baryè pri fiks yo](#) an 2018.

An 2019, yo te kòmanse konstriksyon sistèm tikè Otowout 400 mil la avèk enstalasyon pòtik nan 52 sit peyaj, ki gen ladan pòtik sou wout prensipal ak sou ranp rantrè ak soti yo. Pòtik yo enstale sou wout prensipal la mezire soti 58 pye pou rive 150 pye nan longè sou 23 pye wotè, e yo peze ant 25,000 ak 104,000 liv. Pòtik yo enstale nan ranp rantrè ak soti yo mezire soti 48 pye pou rive 94 pye pye nan longè sou 23 pye wotè, e yo peze ant 33,000 ak 74,000 liv. Yo fabrike pòtik yo lè yo itilize anviwon 3.5 milyon liv asye 100 pousan Ameriken selon Lwa sou "New York Achte Pwodui Ameriken" (New York Buy American Act) la avèk yon santèn travayè New York nan LMC Industrial Contractors Inc. nan Konte Livingston.

Peyaj san peman ak lajan likid la rantrè an sèvis nan sistèm tikè a 14 novanm 2020. Depi lè sa a, yo anrejistre dè milyon tranzaksyon avèk siksè nan sistèm modèn nan ki genyen plis pase 2000 kamera modèn ke yo mete sou pòtik toupatou nan eta a. An 2019, yo te dokimante 282 milyon depasman machin sou otowout Thruway 570 mil la, sa ki reprezante plis pase 8.4 milya mil an total ki pakouri.

Pou amelyore eksperyans peyaj san peman ak lajan likid la, nou ankouraje otomobilis yo telechaje aplikasyon mobil [Tolls NY](#) la ki pèmèt chofè yo jere ak mete ajou kont E-ZPass yo, peye fakti peyaj yo rapidman e fasilman, ak resevwa alèt ki enpòtan sou kont lan.

Nou vrèman ankouraje otomobilis yo pou yo enskri nan E-ZPass, ki se mwayen ki pi pratik pou peye peyaj yo sou Otowout la. Anplis, moun ki gen Kont NY E-ZPass la peye 30 pousan anmwens pase tarif peyaj pa lapòs la (Tolls By Mail) epi evite tout sichaj administratif.

Yo vann tag E-ZPass yo nan plis pase 900 lokal nan tout eta a ki enkli Zòn Sèvis Otowout yo, episri ak magazen lokal yo, lokal minisipal yo, Depatman Sikilasyon (DMV) Eta New York, anliy nan [e-zpassny.com](#), ak lòt kote toujou. Pou jwenn yon detayan tou prè ou, ale nan [thruway.ny.gov/getezpass](#).

Pou enfòmasyon adisyonèl sou kijan peyaj san peman ak lajan likid la fonksyone ak konsèy sou kijan pou peye fakti san pèdi tan, vizite sitwèb Otorite Thruway a nan [thruway.ny.gov](#).

###

Lèt nouvel disponib sou sit [www.governor.ny.gov](#)
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](#) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)